



Take charge of your education
Ediksyon w se responsabilite w



Anba pye Flanbwayan an

“Edikasyon pi dous pase siwo”

Brooklyn NY, 2008

Special thanks to
Independence Community Foundation

Pou nou kòmanse

Nan liide pou ankouraje jèn ekriyen ayisyen nou yo pwodui plis, epi pataje liide yo ak lòt moun, manm Flanbwayan Haitian Literacy Project yo ap prezante nou ti liv pwezi sa kote yo pale de anpil bèl sijè tankou : lanmou, lamitye, peyi, soufrans, chagren elatriye.

Wi, anba pye Flanbwayan an, se la Emmanuelle, Fanelia, Gregory, Nadine ak lòt ankò te chita pou yo te ekri bèl ti pawòl sa yo pou ou. Bòn lekti!

Nadine ak Emmanuelle.

Avètisman Maude Yvette Desir

Ayè yon Zepeng pike l
Tout san nan kò m ponpe
Tankou lawyonn ak gran rivyè
Ki met tèt ansanm pou anvayi ak ravaje
Tout rakwen leyogân
Malere kou gran nèg sou galata
Moun andeyò
Moun lavil
Naje pou w soti

Zantray mwen derasinen
Disèt mouchwa mare ren m.
Sou mòn Kalvè,
Ma pase chaplè
Priye tout sen nan syèl.
Nan ginen,
Ma jete dlo
Danse sanmba
Trase vèvè
Manyen yon trè cheve l
Ma pouse de kòn
Tout tou nan kò m va swe dife.

Don't come back
Emmanuelle Charles

I saw you all blurry that day
I'd been crying for long
For that only moment
I realized something
You were leaving
You left with no words
Leaving what we went through behind
In my memories
They evaporated now, you know
But you
you are still hunting me
Just praying
That you don't come back
One day
Because you won't find me
But someone with a character
Who grew for herself
To move on and to be strong
To be able to say
Don't come back
Ever.

Yon ti koze sou Flanbwayan

Flanbwayan Haitian Literacy Project (Flanbwayan) se yon òganizasyon ak bi non-likratif ki ede jèn ayisyen ki fèt vini Ozetazini antre nan yon lekòl ki ka ede yo aprann lang angle a byen, e ki bay yo tou sipò yo bezwen pou yo ka fini lekòl. Anmenm tan Flanbwayan angaje jèn moun sa yo nan la vi isit kòm jèn imigran, ede yo ajiste, entegre yo, konprann peyi an, ekspoze yo ak kèk sitiyasyon atravè aktivite kiltirel ak sosyo-politik pou yo konprann ke jenn moun se on gwo fòs: se yo ki ajan chanjman ak transfòmasyon anndan kominote yo ak lavi pèsonel yo.

Flanbwayan provides a safety net for Haitian youth who may possibly fall through the cracks of an overwhelming high school placement process as they enter the New York area, providing much needed services, including individual education assessments and appropriate school placements. In this project student-members have found themselves in a safe space where they discussed issues, share experiences, express their views on education issues, develop outreach efforts to their peers and raise awareness on the need for education reform.

Darnell Benoit

Executive Director

Dbenoit@flanbwayan.org

Josmene Guerrier

Youth Organizer

Josmene@flanbwayan.org

Nadine Joseph

Outreach Coordinatiior

Nadine@flanbwayan.org

Prefas

Yon Pwezi Flanbwayan Pou Yon Jenès Dyanm.

Lang kreyòl tankou yon pye flanbwayan ap boujonnen toupatou sou latè. Rasin lang lan anrasinen jouk nan trefon zantray latè gras ak potorik gason tankou Moriso Lewa, Iv Dejan, Franketyèn, JanKlod Matino (Koralen), Moris Siksto, Pòl Larak, Jòj Kastrà, mesye jenerasyon Mouvman Kreyòl yo ki pi devan te vin ouvri pòt sou Sosyete Koukouy, elatriye. Branch flanbwayan an chaje ak yon pakèt bouke flè tankou (Nadine Joseph), (Emmanuele Charles), ak lòt jenn talan sa yo ki te chita anba pye Flanbwayan Haitian Literacy Project pou prepare rekèy pwezi bileng sa (Kreyòl/Anglè).

Tèks kreyòl yo ki nan ti liv sa gen de nivo: youn imaj ak yon lòt senp. Kidonk, liv la se yon maryaj ant senplisite ak imaj. Premyeman, *senplisite* paske kèk nan tèks yo dirèk, klè, san okenn ti jwèt ak mo yo. Anverite! Menm lè yon tèks senp chèlbè e klè kou dlo kòk, li pa kapab kreye menm efè yon tèks imaje ka pwodui sou yon lektè. Sa pa vle di souf powetik la pa egziste nan pati senp lan. Non! Okontrè, se pasyon, talan ak imajinasyon k ap benyen nan mo jèn powèt sa yo ki garanti pwogrè lang Kreyòl la e ban nou lespwa yon jou avèk ankadreman, tan ak eksperyans, yo pral rive byen lwen dèyè talon pye gran yo ki deja albrachat. Dezyèmman, *imaj* oubyen *imajis*, paske yon bon valè nan tèks yo gen gwo fòs abstraksyon ladan yo: anpil metafò, metonimi, anafò ak lòt figi estil. Daprè nou, se youn nan pi gwo fòs rekèy sa paske tèks sila yo plase liv sa nan nivo modèn pwezi kreyòl la; paske jan Kaptenn Koukouwouj (Michel-Ange Hyppolite) te deja demontre li nan yon esè: fòm pwezi nou rele "imajis" la ap rantrè an flèch nan ane 2000 yo kòm youn nan prensipal liy oryantasyon pwezi kreyòl ayisyen an (Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti, 2000, p. 216).

What can I do? Gregory Baptiste

I tried several times to say
the word, but it never went out.
I exercised for hours to find a way.
But she sent me in the black out:
What can I do?

I got love but no money,
No way to figure out the bill.
Say sweet words like honey
Just made her feel ill:
What can I do?

What is the difference?

Fanelia Baskin

Everybody thinks they are different
But the real question is
What is the difference?
All they come up with for an answer
is it the race, color of the skin, countries
But this is no difference
This is just the way God made us
You have different opinions
We are not different
We have different thoughts, styles
Inside we are all the same
We can't compare ourselves by the outside
Our blood is the same red color
Where is the difference?
Look at yourself in a mirror and
See in your eyes before you say
That you are different
Deep inside you are just the same
There is no difference between us
We are all the same
Same race
Same blood color
There is no, and never will
Be any differences between us
Humans.

Alafendèfen, nou ka di se yon bèl rekèy ki repoze sou de pilye: senp ak imaje. Pwezi senp oubyen pwezi lib sètadi yo pa swiv okenn fòm espesyal, objektif la se pase yon mesaj; pwezi imaje oubyen imajis la se yon pwezi modèn/pòsmodèn ki baze sou jwèt bèl imaj pou pase mesaj. Nan estil ekriti powetik sa, ni fòm ni fon an gen yon valè estetik majè.

Depi lanjèlis Literati Ayisyèn nan, ni branch franse a ni branch kreyòl la, pwezi ayisyèn toujou gen de gran tandans: politik ak santimanal. Lè tèks yo pa angaje yo pale sou lanmou. M kontan wè jan jèn flanbwayan sa yo elaji kad la pou antre lòt sijè, lòt pwoblematik ak dram sosyo-kiltirèl kap toumanje e menase lespri ayisyen. Rekèy pwezi sa se yon mozayik de koulè, anglè/kreyòl, men lang kreyòl la pote lamayòt la. Kanmèm, tèks angle yo nan liv la gen anpil valè lè nou konnen yo jwe wòl pote mesaj ak kri Ayisyen an pi lwen bay yon pi gwo odyans ki pa konn lang manman nou an. Anplis, nou jwenn yon ti jeretyen nan rekèy sa: majorite tèks yo se vwa medam yo, yon vwa sosyete patrikal nou yo bafwe depi syèkdèsyè. Depi dikdantan, sivilizasyon seksist lèzòm oprese vwa medam yo, se yon lòt pèspektiv, yon opòtinite, yon privilèj pou nou tanbe mesaj sa yo ki touche tout yon dividal sijè soti nan arasman seksyèl rive nan vyolans domestik.

Anba pye Flanbwayan an, lespwa tanmen boujonnen. Gen yon lòt kri, gen yon mouvman prizdekonsyans jèn ekriyen sa yo anbrase pou defann dwa yo ak fè devwa yo kòm jenerasyon espwa zile nou, Ayiti. Ralizasyon plakèt pwezi bileng sa se yon banbòch kiltirèl e literè pou yon lòt jenès plis aktif, plis konsyan, plis konsène, plis ayisyen. Se yon banbòch pou yon lòt Ayiti!

Vye (Ewòl SenLwi)
Ekriyen, powèt, kritik

Van an nan chive w
Ewòl SenLwi / Vye Ewòl
Toutouni! @ 2008

Dènye fwa m kontre w
douvànjou sou wout lavi
m t anvi di w bonjou:

bonjou Ayida
bonjou Ezili

van an nan chive w
pot mesaj Mèt Gran Bwa ban n nan bra n nan bra

Mađan Yogann
bwote yavalou n sou pay kann
Van an nan chive w
Yon bann pay kann pran koupe
po kò n

swaf nou pati ak krabye k ap vwayaje

Van nan chive w prèt pou detache po kò m

Vwa nan chive w pran wouke

tout lwa pran lanpa
nan bra n nan bra

Yèswa
Nađine Joseph

Yèswa m t ap chèche w
Nan tout fant janm minwi
Mwen t anvi boule w ak je m.

Yèswa m pat jwenn ou,
Lespri m t' andemwazèl
Lapli t ap tonbe
Loraj t ap gonde
Zèklè t ap file
Dlo t ap koule nan tout venn nan kò m.

Ay manman!,
M anvi solèy!

I heard he cried
Emmanuelle Charles

When I felt like crying
That I thought of Him
And didn't cry
I heard He cried.

When I was worried
Not wanted to hurt him
And when He laughed
I heard He cried.

When I learned He cries
That I asked why
And that there was no answer
I heard He cried.

When He wanted to please me
That I did not understand
And didn't show how pleased I was
I heard He cried.

When was too happy
That I didn't see
The sad part of him
I heard He cried.

lwa k cho dans' on dans frèt nan ren w

van an nan chive w
pran pale lanm lanmè

vwa nan chive w
vante sou vant e sou
tou on sous vyèj

Vyèj Mirak ki konn fè mirak
fè w vante nan bra m nan bra

Karese m' van
Nadine Joseph

Pwezi tankou yon lanp k' ap klere chimen m'
Nan mitan gwo fènwa .

Pwezi tankou yon solèy
K'ap chofe nanm mwen nan tan boulvès

Pwezi tankou yon sous dlo fre
K' ap koule nan venn lavi m'.

Pwezi tankou yon bèl rèv
K'ap glise nan lespri m'.

Pwezi tankou yon van cho
K'ap karese m' bò yon rivaj .

Pwezi mete m' toutouni
Pwezi dechire m' mosopamoso
Pwezi volè kè m'
Tout kò m' ap ri ,
L'ap di : " karese m' van
Karese m' jiskaske m' fou
Pati avè m'
Mennen m' ale byen lwen
Kote solèy pa janm kouche
Kote lavi pa janm tenyen .

Sou Chimen renmen
Nadine Joseph

Sou chimen renmen
Bon jan van soufle
Sousafè karese flè nan tout rakwen

Sou chimen renmen
Pa gen sèlman bon lodè
Lodè flè dizè
Lodè vetivè

Sou chimen renmen
Gen pikan pengwen.

King of the Jungle
Kethelene Saint Fort

A new day leaves as
The sun sinks from heaven's height,
His thick brown mane on his back
Dances to the tone of the wind.

His paws arched, golden-brown coat
Camouflage in the tall grass of Africa.
At four feet, and three-thirty to five hundred pounds;
He crawls toward the unsuspecting prey,

He prides himself periodically.
At fifty miles per hour, five miles roar;
A swipe of one of his paws,
Dinner is served.

Aykou
(Haiku)
Darnell Benoit

Peyi an chaje
Ak dlo, ak moun ak lavi
Bare volè yo

.....

Peyi m pi kraze
Peyi m pi grangou, pi lèd
Peyi m gen gwo kè

Mesye a k tap bat li
Emmanuelle Charles

Yon aswè konsa
M te chita bò fenèt la
M tap fè devwa m
M tanpe vwazin nan
K ap rele anfas la:
Mesye a k ap bat li wi!

Kè m te fè m mal
M te la, m pat ka fè anyen
Anmwey! Tanpri fè pa m!
Mesye a k ap bat li wi!

Maçanm nan t ap rele
Men se te: wach! Wach!
Kout sapat anba
Kout sentiwon anlè
Kout chèz adwat
Kout fil kouran agoch
Mesye a k ap bat li wi!

Ti pitit la sot nan chanm nan:
Manman! Manman!
Men, podyab!
L ale pran pal anba mesye a tou,
Papa l wi mezanmi!
Se pat etranje non!
Mesye a t ap bat li wi.

Si w' koute lavi
Nadine Joseph

.Lavi konn bèl se vre
Wi, lavi konn byen abiye
Byen kostime, makiye,
Føde tout dyòl li.
Ah! Si w koute lavi;

Gen de jou lavi leve toutouni
Dyòl li lonje disèt longè
Wi, gen de jou lavi konn vle fè w pè
Fè w pèdi gete w, pèdi chalè w
Ah! Si w koute lavi;

Si w kite lavi kangrennen kè w
Si w pa maltrete lavi, toupizi lavi
Si w kite lavi mare lespwa w
Ak kòd lonbrik li
W a pèdi kalfou verite w.

A best friend
Fanelia Baskin

A best friend is someone really special
A best friend never leaves you in bad times
A best friend is always there for you
When your are sick they are here
In lonely times they're here
When you feel hopeless, they comfort you
A best friend should gain respect
A best friend can be trusted
A best friend needs love and affection
It is very important to take care of them
A best friend is rare
When you have one,
Make that someone feel special
Love your friends and best friends.

De ran dlo te sot nan je m
Lè m tap tande mo sal yo
Lè je m tonbe nan je madanm nan,
Li te wont, li pat ko fin moun
Mesye a k ap bat li...

Fanm Nan Gade M
Ewòl SenLwi / Vye Ewòl
Toutouni! @ 2008

Fanm nan gade m
mak je l make figi m
ak tout koulè lan k nan syèl
ak tout koulè lakansyèl

nyaj yo fonn kou lasi chen
glise kò yo glise desann
sou tablo ble syèl la
zwazo tout sezon pandye
nan sousiy nou

Yon Fanm
kò pòslèn
pèdi de je l nan kò m
tèt tete l kase timiyèt mòso
sou adwaz kè m

M kouri pran men l,
solèy la fade
tankou riyèl Vayan vanyan vanyan

Fanm nan gade m
mak je l make figi m
se tout yon boulva
lanmou ki blayi sou pòtay
lavi...

M' anvi boule kè m'
Nadine Joseph

M anvi boule kè m
M anvi touye lespri m
M anvi manje lanvi m
M anvi kouri, m anvi pati
Pati byen lwen
Kote san m a sispann koule
Kote lanvi pap fè m filalang.

M anvi boule kè m
Paske m bouke gade w
M bouke fè alarive
M bouke kriye
M bouke priye
M bouke di non!

My wish
Fanelia Baskin

I see people wishing everyday
Wishes that they know how to get
Which they have to work for
But they never seem to understand it
I only have one wish
A wish that could make my heart happy
Something that I could remember
For the rest of my life
I have been wishing for this for a long time
A time that I have seem to forget
And now I think you should know
Why I always wait to the window
Watching for the first drop of snow
Why I'm always looking for the brightest star
Why I always like to wish on my birthday
Today is the day
The day for you to know
That my only wish is
For you to be with me.

Just like
Hubert Stanley Charles

Just like an onion,
I too have layers.
Happy ones, sad ones,
Hopeful ones, despairing ones.
Loving ones and hateful ones.

Just like a flower,
Every-time I get crushed,
I go back to my roots and start over.
I stay hopeful that one day I will stand tall again;
Always strong and ready.

Just like the sea,
I have seen the past and the present.
The good times and the stormy, confusing days,
And all the time, I have struggled.
A struggle to adapt myself to the new ways.

Just like a boat on the sea,
I have looked forward to the distant horizon.
Trying to get a glimpse of what's ahead.
Ready to jump over obstacles whenever they come my
way.

Haunted Memory
Ketlene Saint Fort

As the usual day had begun
Heart-lavished, head-lavished with cheer;
I gazed at the Mexican.
He sat next to me.

I was ten and scanty,
And he was scrubby and Mexican,
My face expressed cheeriness,
But his lips oozed
"Negro girl, you stink!"

Like ice, I curdled in the playground,
While rain fell from my eyes.
Mouth closed, open minded.
The fifth-grade boy, deemed superiority;
I embraced inferiority.

From 1998 till 2007,
Of all the adventures that I
Stumbled upon at the playground;
I can only treasure the Mexican boy.

M' poko gen laj pou sa
Nadine Joseph 2006

Ou gade m ak boude je w
Mwen souri ba ou
Lanvi boule tout venn nan kò m
M santi m ta met lespri m
Toutouni devan je w
M santi m ta...

Men mwen di non!
Se katòzan sèlman m genyen
Lavi m fèk ap boujonnen
Solèy fèk ap leve deyè lorizon m
Mwen ka tann toujou

W ap pale de doub sis
Ap mouri nan menm?
An an an..., s'on w jwèt domino?
Enben, tande sa byen :
Doub sis pa m nan
Li pral fè dekabès
Sou plas piblik la
Devan tout je zanmi ak fanmi m.

Non! Nan lakou pa m nan
Pa ka gen alarive ni jwèt marèl
Non! Pèsonn! Pèsonn pap vin tenn rèv mwen.

Ou menm k ap gade m nan,
Ou menm menm!
Sispann boule m ak je w tande
Paske se katòzan sèlman m genyen
Mwen poko genyen laj pou sa.

K'mon!
By Emmanuelle Charles

You smoke to feel good
But it affects you lungs
You're pregnant, you smoke
You're sick, you smoke
You're crazy, you smoke
K'mon! Why can't you see?
You take drugs to feel high
But it affects your health
Why you do it illegally
If it is so good, so pure
And you think you're cool
K'mon! Why can't you see?
You're twelve but you have sex
Without thinking about tomorrow
And your immature body
You forget about baby and disease
But remember pleasure
K'mon! Why can't you see?

Doulè Fanm
Nađine Joseph

Lavi se yon kafe anmè
M ap bwè tigoutpatigout.
Andedan fon kè m,
Son w minwi san zètwèl.

Libète m akokiye sou chimen malè
Rèv mwen kouche toutouni
Sou lonbrik lisifè

M ap karese mizè m
Tankou yon gedè k mande anraje.

Yon ti souf lespwa fè m poko bosì
Tankou pye wozo anba jipon gwo van.

An an an...! Ou fin dechire lespri m,
Ou rache kòd tete m
Epi w ap di ou renmen m?

A way to see
Gregory Baptiste

Because my skin
Is brown like chocolate
And my eyes
are not blue,
You do not think
I'm proud after
I have known
Who I am?

Because my skin
Is brown like chocolate
You do not think
My past was glorious?
Because my freedom
Was gained by fighting
You refuse to accept
I am strong?

Manman
Emmanuelle Charles

Pa gen bon zanmi
Pa gen pi bon konseyèz
Pa gen pi bon karès
Nan zantray ou latè soti
Aprè anpil soufrans
Vant plen, grangou
Rad chire, richès
Lekòl, chita lakay
Se pa sa ki fè yon manman
Desepsyon, satisfaksyon
Kè kontan, lapenn
Yon ti dlo nan je
Yon ti men dous bò figi
Konnen se manman
Ankourajman, fòs
Se sa manman enspire
Wè bon bagay pou pitit li
Ede jan li genyen
Ak sa l ka bay
Pote chay an sekre
Pou timoun pa konnen
Manman soufri
Pou timoun souri
Ou menm
Souri
Men konnen manman w
Te soufri
Menm si se te an silans
Li te soufri